

Pwogram Asistans Finansyè pou swen Medikal (Medical Financial Assistance, MFA)

Si ou bezwen èd pou peye pou sèvis sante oswa preskripsyon ou te resevwa oswa ou pral resevwa nan men Kaiser Permanente, pwogram Asistans Finansyè pou swen Medikal (MFA) nou an ka ede w. Ou ka aplike pandan w ap ranpli epi voye yon fòm aplikasyon, ki gen ladan enfòmasyon sou revni fwaye ou.

Kòman pwogram nan fonksyone

- Pwogram nan bay "sibvansyon" tanporè pou ede aplikan ki kalifye yo peye pou swen ki baze sou bezwen finansyè yo.
- Li disponib pou tout pasyan Kaiser Permanente yo, kit yo se yon manm, kit yo pa manm.
- Si yo akòde w li, pwogram nan pral kouvri swen ki ijan yo oswa swen medikal ki nesesè founisè Kaiser Permanente yo ap bay oswa nan lokal Kaiser Permanente pou yon peryòd tan espesifik.
- Finansman pa aplike pou sèvis swen sante yo ki pa bay ak faktire nan lokal Kaiser Permanente la.

Kòman pou Kalifye

Pou w kalifye, ou dwe ranpli YOUN (1) nan kritè sa yo ki vini annaprè yo:

- Fòk revni bri fwaye ou (revni anvan taks ak dediksyon) mwens pase oswa egal ak 300% nivo povrete federal la.
- Fòk depans swen sante ou pou swen ijans oswa swen medikal ki nesesè, swen dantè ak medikaman sou yon peryòd 12 mwa egal oswa pi plis pase 10% revni bri fwaye w.
 - Depans ki soti nan fon w yo gen ladan yo kotizasyon, ko-asirans ak franchiz.
 - Depans ki soti nan fon w yo pa gen pèman yo fè pou plan asirans sante w, tankou prim mansyèl ou a.


Gid Federal pou Povrete 2024 (Federal Poverty Guidelines, FPG)		
Si kantite moun ki nan fwaye/fanmi w se:	100% alokasyon pou fwaye ki gen revni bri mansyèl pi piti pase oswa egal ak 200% FPG	50% alokasyon pou fwaye ki gen revni bri mansyèl ant 201% ak 300% FPG
1	Jiska \$2,510	Soti \$2,511 pou rive \$3,765
2	Jiska \$3,407	Soti \$3,408 pou rive \$5,110
3	Jiska \$4,303	Soti \$4,304 pou rive \$6,455
4	Jiska \$5,200	Soti \$5,201 pou rive \$7,800
5	Jiska \$6,097	Soti \$6,098 pou rive \$9,145
6	Jiska \$6,993	Soti \$6,994 pou rive \$10,490

Vizite aspe.hhs.gov/poverty pou jwenn gid pou pi gwo kay.

Ou gen kesyon?

Pou plis enfòmasyon sou kondisyon pou benefisyè pwogram MFA a oswa pou konnen ki sèvis sante li finanse, vizite kp.org/mfa/mas, rele nan **1-844-412-0919**, (TTY 711), oswa eskane kòd sa a.

Pou plis enfòmasyon sou opsyon kouvèti swen sante yo, rele nou nan **1-800-479-5764** (TTY 711).



Fason pou aplike

Si w ranpli kondisyon kalifikasyon yo, ou ka soumèt demann ou a nan youn nan fason sa yo.

	<p>Sou entènèt</p>	<ul style="list-style-type: none">Ranpli fòm aplikasyon an sou entènèt nan adrès sa a kp.org/mfa/masPrepare w pou w bay tout enfòmasyon ki nan lis fòm aplikasyon MFA a nan pwochen paj la.
	<p>Voye l pa mwayen faks</p>	<ul style="list-style-type: none">Ranpli fòm aplikasyon MFA a nan pwochen paj la.Voye aplikasyon w ranpli a pa mwayen faks nan 1-855-414-1713.
	<p>Voye l pa mwayen lapòs</p>	<ul style="list-style-type: none">Ranpli fòm aplikasyon MFA a nan pwochen paj la.Voye aplikasyon w ranpli a nan adrès sa a: Kaiser Permanente MFA Program 2101 East Jefferson Street Rockville, MD 20852
	<p>Depoze li</p>	<ul style="list-style-type: none">Ranpli fòm aplikasyon MFA a nan pwochen paj la.Depoze aplikasyon w ranpli a nan Sèvis Manm yo nan nenpòt Sant Medikal Kaiser Permanente.

Enpòtan: Lè w ap aplike sou Entènèt, pa lapòs oswa faks, oswa lè w ap aplike an pèsòn, asire w ke w ranpli fòm nan, mezi ou kapab. Enfòmasyon ki manke yo ka rann pwosesis demann ou a pi lan epi lakòz yon refi asistans.

Èske w bezwen èd?

Si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen èd pou ranpli aplikasyon w lan, tanpri rele nan **1-844-412-0919** (TTY 711), Soti lendi pou rive vandredi, soti 9:30 a.m. pou rive 3:30 p.m. LÈ ZÒN LÈS. Ou kapab tou pale ak yon reprezantan Sèvis Manm nan nenpòt lokal Kaiser Permanente.

Prèv revni

Verifikasyon revni jwe yon wòl nan detèmine kalifikasyon pou asistans finansyè pou swen medikal. Mete yon prèv revni nan aplikasyon w ki fin konplete a pral ede w konfime jistès revni w pandan pwosesis egzaminasyon an. Tablo ki anba a bay yon lis dokiman fakiltatif pou soumet selon sous revni fwaye ou a (yo).

Sous revni fwaye a (yo)	Bay sèlman youn nan sa ki vini annaprè yo pou chak sous revni
Revni biznis/revni lwave	Dènyè deklarasyon salè ak enpo (Wage and Tax Payment, W-2s) yo, deklarasyon 1099 yo, oswa deklarasyon enpo
Revni/salè travay	Dènye souch chèk Dènyè deklarasyon salè ak enpo (Wage and Tax Payment, W-2s) yo, deklarasyon 1099 yo, oswa deklarasyon enpo
Revni pansyon/retrèt/anwite ou resevwa	Dènye souch chèk Deklarasyon pèman pou pansyon/retrèt Dènyè deklarasyon salè ak enpo (Wage and Tax Payment, W-2s) yo, deklarasyon 1099 yo, oswa deklarasyon enpo
Revni pou Travayè Endepandan	Dènye souch chèk Dènyè deklarasyon salè ak enpo (Wage and Tax Payment, W-2s) yo, deklarasyon 1099 yo, oswa deklarasyon enpo
Sekirite sosyal/revni sekirite siplemantè	Lèt Verifikasyon sèvis Administrasyon Sekirite Sosyal Deklarasyon Sekirite Sosyal
Alokasyon pou chomaj/revni pou andikap	Lèt Verifikasyon alokasyon pou chomaj/ andikap Dènyè deklarasyon salè ak enpo (Wage and Tax Payment, W-2s) yo, deklarasyon 1099 yo, oswa deklarasyon enpo
Revni alokasyon veteran	Lèt Verifikasyon Alokasyon pou veteran Dènyè deklarasyon salè ak enpo (Wage and Tax Payment, W-2s) yo, deklarasyon 1099 yo, oswa deklarasyon enpo

Sous revni fwaye a (yo)	Bay sèlman youn nan sa ki vini annaprè yo pou chak sous revni
Asistans gouvènman (pa egzanp, Medicaid, Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwèn yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF), Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Pwogram Nitrisyon Siplemantè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants, and Children, WIC), oswa lojman pou revni fèb)	Lèt apwobasyon kalifikasyon
Revni enterè oswa pwofi	Dènyè deklarasyon enpo
Resevwa pèman sipò pou konjwen/pitit	Yon lèt ki endike revni bri mansyèl ou resevwa pou sipò timoun oswa pansyon alimantè.
Pa gen moun nan fwaye a ki gen revni	Atestasyon/eksplikasyon alekri

AK kisa w dwe atann aprè aplikasyon w lan

Aprè nou fin egzamine demann ou fè a, n ap fè w konnen youn nan rezulta sa yo nan yon dèle trant (30) jou aprè nou fin resevwa demann ou an:

- Si yo apwouve aplikasyon w lan, w ap resevwa yon lèt pou enfòme w konsènan èd finansye w resevwa a.
- Si demann ou a pa konplè, w ap resevwa yon lèt ki eksplike enfòmasyon ki nesesè pou trete demann ou a. Ou ka voye enfòmasyon yo mande yo pa lapòs oswa depoze yo an pèsòn; li dwe gen ladann prèv revni oswa kopi depans ou yo.
- Si yo refize demann ou a, w ap resevwa yon lèt ki fè w konnen rezon ki fè yo ba w refi, nan ka sa a ou ka konteste desizyon nou an.

Aplikasyon pou pwogram Asistans Finansyè pou swen Medikal (MFA)

Seksyon 1: Enfòmasyon sou pasyan

NON	NIMEWO DOSYE MEDIKAL (SI OU VLE)	
DAT NESANS	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (SI W VLE) <input checked="" type="checkbox"/> Mwen pa genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal	
ADRÈS POSTAL (RI)		
VIL	ETA	KOD POSTAL
Èske pasyan an pa gen kay pou l rete kounye a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		NIMEWO TELEFÓN PRENSIPAL <input type="checkbox"/> Akèy <input type="checkbox"/> Mobil <input type="checkbox"/> Travay <input type="checkbox"/> Lòt

Èske pasyan an benefisyè yon pwogram asistans leta tankou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwèn (Temporary Assistance for Needy Families, TANF), Pwogram Nitrisyon Siplemantè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants, and Children, WIC), lojman pou revni fèb, oswa Medicaid? Wi Non

Seksyon 2: Enfòmasyon sou fwaye a

Kantite moun ki nan fwaye a: Kantite manm nan fwaye w (mete ou menm) ki abite lakay ou. Tankou yon mari/madanm oswa sèvant kalifye, timoun, gadyen timoun, paran, elatriye.	
Revni fwaye a (chak mwa): Revni total bri (revni anvan taks ak dediksyon) pou tout manm nan fwaye a ki gen plis pase 18 lane. Tcheke TOUT tip revni ki aplikab yo:	
<input type="checkbox"/> Revni biznis/ revni lwaye <input type="checkbox"/> Revni/salè travay <input type="checkbox"/> Revni alokasyon veteran <input type="checkbox"/> Revni enterè oswa pwofi <input type="checkbox"/> Revni travayè endependan	<input type="checkbox"/> Sekirite Sosyal/Revni Sekirite Siplemantè <input type="checkbox"/> Alokasyon pou chomaj/revni pou andikap <input type="checkbox"/> Resevwa pèman sipò pou konjwen/pitit <input type="checkbox"/> Revni pansyon/retrèt/anwite ou resevwa <input type="checkbox"/> Pa gen moun nan fwaye mwen k ap touche oswa ki sot resevwa revni nan de (2) dènye mwa ki sot pase yo la.
Si revni anyèl bri tout manm nan fwaye a se zewo, tcheke ti bwat atestasyon ki anlè a epi bay yon eksplikasyon alekri sou fason moun ki granmoun nan fwaye a sipòtè tèt yo san revni, tankou pou zafè manje, kote pou rete, sèvis piblik ak lòt bezwen yo.	\$ _____
_____	\$ _____
_____	\$ _____
_____	\$ _____
Depans swen sante yo: Depans total ou te fè pandan yon peryòd 12 mwa pou sèvis ijans oswa sèvis medikal ki nesesè Kaiser Permanente te bay oswa nenpòt lòt founisè swen sante. Tankou kotizasyon, depo, ko-asirans oswa franchiz pou sèvis medikal, famasi oswa dantè ki elijib.	\$ _____



Tanpri fè lis tout moun lakay ou k ap mande Asistans Finansyè pou swen Medikal.

Non	Dat nesans	Relasyon	Nimewo Dosye Medikal
-----	------------	----------	-------------------------

Ou pa gen asirans? Kaiser Permanente ka ede w. Si ou pa gen kouvèti swen sante, nou ka ede w konprann opsyon yo ofri w yo. Tcheke ti bwat sa a si ou ta renmen Kaiser Permanente kontakte ou pou diskite sou opsyon ou yo oswa ou ka rele nou nan **1-800-479-5764 (TTY 711)** pou jwenn yon òf.

Wi kontakte m

Mwen deklare tout enfòmasyon ki mansyone pi wo a la nan aplikasyon sa a se verite, kòrèk epi konplè sou tout fòm. Anplis de sa, mwen rekonèt epi mwen dakò ke mwen responsab devan Kaiser Foundation Health Plan and Hospital (KFH/HP) pou tout montan yo dwe Kaiser Foundation Health Plan Hospital pou pwodui ak sèvis medikal ki pa elijib nan pwogram nan ("kantite ki rete yo").

Remak: Si pa gen okenn prèv revni ki bay, Kaiser Foundation Health Plan and Hospitals pral itilize ajans ki responsab evalyasyon sou kredi konsomatè yo ak lòt sous enfòmasyon pou detèmine si yon moun kalifye pou pwogram medikal federal, Nasyonal ak prive, tankou pwogram MFA a.

Lè mwen soumèt aplikasyon sa a, mwen otorize KFH/HP pou mande enfòmasyon nan men ajans ki responsab evalyasyon sou kredi konsomatè yo ak lòt sous enfòmasyon yo pou verifye nenpòt enfòmasyon ki bay nan aplikasyon sa a, yo jije nesesè.

SIYATI	DAT
--------	-----

N ap fè tout efò rezonab pou n trete demann ou a san pèdi tan epi, yon fwa nou fin egzamine demann ou a, w ap resevwa yon lèt ki konfime rezulta a.

NOTICE OF LANGUAGE ASSISTANCE SERVICES

English: If you need help in your language, language assistance is available at no cost to you, 24 hours a day, 7 days a week (closed holidays). Call our Member Service Contact Center at 1-800-464-4000 (TTY 711) for help or visit any registration desk for more information at any Kaiser Permanente hospital, Monday through Friday, 8 a.m. to 5 p.m. Aids and services for people with disabilities, like documents in braille, large print, audio, and other accessible electronical formats are also available.

Chinese: 如果您需要使用您的语言获得帮助，我们每周 7 天、每天 24 小时免费提供语言帮助（节假日休息）。请致电 1-800-464-4000 (TTY 711) 联络我们的会员服务联络中心以寻求帮助，或前往任何 Kaiser Permanente 医院的登记台了解更多信息，我们的服务时间为周一至周五上午 8 点至下午 5 点。我们还为残疾人提供辅助工具和服务，例如盲文、大字体、音频和其他无障碍电子格式的文档。

Spanish: Si necesita ayuda en su idioma, contamos con asistencia de idiomas sin costo alguno para usted las 24 horas del día, los 7 días de la semana (excepto los días festivos). Comuníquese con nuestra Central de Llamadas de Servicio a los Miembros al 1-800-464-4000 (TTY 711) para obtener ayuda. O visite el mostrador de recepción en cualquier hospital de Kaiser Permanente para obtener más información, de lunes a viernes, de 8 a. m. a 5 p. m. También ofrecemos ayudas y servicios para personas con discapacidades, como documentos en braille, letra grande, audio y otros formatos electrónicos accesibles.